

E-BIKES NAN MASSACHUSETTS

MONTE AVÈK ENTELIJANS. PRAN PREKOSYON.

Bisiklèt Elektrik (E-Bikes) melanje fòs nan pedal avèk fòs elektrik. Motè a pouse ou monte yon pant, epi li ede ou kouvri distans ki long. Yo pi lou, yo akselere pi vit, epi yo kouri pi vit pase bisiklèt ki gen pedal.



PREMYE KLAS



DEZYÈM KLAS



TWAZYÈM KLAS



E-MOTO

Fòs				10x
Laj Minimòm	Pa Aplikab	Pa Aplikab	POU KALKILE	16+
Vitès Maksimòm	20 MIL ALÈ	20 MIL ALÈ	28 MIL ALÈ	28+ MIL ALÈ
Kas Obligatwa	16 an oubyen mwens	16 an oubyen mwens	16 an oubyen mwens	
Ki Kalite	Bisiklèt	Bisiklèt	Bisiklèt	Veyikil avèk Motè
Asitans Pedal		Pa Aplikab		Pa Aplikab
Valv	Pa Aplikab		Varyab	
Kouri sou Twotwa	NON*	NON	NON	NON



VITÈS

2x vitès ou;
4x DISTANS POU FRENNEN ou



MAS

2x pwa out;
2x DISTANS POU FRENNEN ou



KONDISYON

Lè tan an ak kondisyon wout la chanje, sa fè KAPASITE BISIKLÈT la chanje tou



KAPASITE POU FRENNEN

Laj ou, esperyans ou, ak fòs frennaj la kapab gen konsekans sou KAPASITE POU FRENNEN ou



VITÈS REAKSYON

Distraksyon tankou telefòn, mizik, ak fatig retade VITÈS REAKSYON ou

*Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon (DCR) pèmèt kouri bisiklèt elektrik Premye Klas sou wout li yo.

Bisiklèt elektrik Twazyèm Klas ak "E-Moto" pa rekonnèt kounye a tankou yon kategori aparèy nan Massachusetts. Gen chans pou yon "E-Moto" se yon Veyikil ki Pa Pou Granwout ("Off-Highway Vehicle" - OHV), kidonk li ta mande pou ou mete yon kas.

SEKIRITE AVÈK E-BIKES SE RESPONSABLITE TOUT MOU

KISA MOUN KI SOU BISIKLÈT, FANMI YO,
AK KOMINOTE YO KA FÈ

APRANN Monte Bisiklèt Elektrik

E-Bikes mache **yon lòt jan** pase bisiklèt ki mache avèk pedal—**fè pratik** anvan, nan yon kote ki pa gen danje.

E-Bikes yo **pi lou**, ak **pi rapid**, epi yo dwe kouri **nan lari** ansanm ak òt veyikil yo.

E-Bikes ki gen valv yo kapab **akselere** vit.

Kòmanse **dousman** epi ret an **kontwòl**.

RESPEKTE Règleman Sikilasyon yo

Tout moun ki nan la ri a: bisiklèt, oto, kamyon, ak otobis, **dwe swiv menm règleman yo**.



RESPONSABLITE

Konprann byen ki E-Bike ki **pi bon** pou moun nan fanmi ou.

Sonje sa, pifò nan magazen bisiklèt yo **repare** sèlman sa yo **vann**.

Paran / Responsab Legal, veye byen pou jenn moun ki gen mwens pase 18 an yo **sipèrvize** lè yo sou.

Monte **avèk prekosyon** epi **bay pyeton yo dwa pasaj**.

SONJE BYEN, SE LALWA¹

E-Bikes yo fèt pou moun **monte nan lari sèlman**; moun pa gen dwa monte yo sou twotwa. Gade règleman lokal yo pou chimen pataj.

Yon **etikèt pèmànan** ki montre kategori, vitès maksimòm avèk asistans, ak alimentasyon elektrik motè nesè pou E-Bikes Premye ak Dezyèm Klas.

Lalwa vle pou moun ki sou bisiklèt mete yon kas sou tèt yo, si yo genyen laj **16 an oubyen mwens**.

Lè moun ap monte yo **aswè**, bisiklèt yo dwe genyen yon **limyè** blanch devan, ak yon limyè **wouj** dèyè.

Si yon moun ki gen **mwens pase 18 an** ap monte yon bisiklèt **san respekte** lalwa, lapolis oubyen Komite Seleksyon vil la **sezi** bisiklèt la pou jiska **15 jou**.

¹ Lwa Jenneral nan Massachusetts [Massachusetts General Laws Ch. 85, § 11B ¾(b), (c), (f)–(g), ak 2(iii).]